

**IGITABU C'AMATEGEKO
Y'UMURYANGO WA BENEANGELA
MERICI MWERANDA**

IKIGABANE CA MBERE

TWAHAMAGARIWE GUKORERA IMANA MU BUMWE

UMURYANGO WACU

1.1. Angela Merici Mweranda yataziriye “Umuryango (Kompanyi) wa Ursula Mweranda” ababikira bihebeye Imana hagati mu bantu yari yatanguje i Bresiha ku wa 25 Munyonyo 1535 (1).

1.2. Uyo Muryango “Kompanyi ya Ursula Mweranda (2), yemejwe n’Umwepiskopi wi Bresiha itariki 8 Nyakanga 1536. Papa Paulo wa Gatatu arawushigikira mw’ikete ryitwa “Intwaro ikwiye isi yose y’Ekleziya” kw’itariki 9 ryo mu kwezi kwa Ruheshi 1544. Mu myaka ikurikiye uwo Muryango, mu binjana ikwirikiye, warakwiragiye mu Butaliyano no mu bindi bihugu vy’isi yose.

1.3. Ku wa 25 Rusama 1958 mu kubona yuko ari ngombwa kwunga ubumwe no gukorerana hagati ya Makompanyi y’isi yose, abakuru b’Icicaró Ceranda ci Roma, bashimye kandi bemeje gushinga ISHIRA HAMWE YO KW’ISI YOSE (Fédération) nk’Umuryango w’abigeme bihebeye Imana hagati mu bantu, begukira iteka n’ubuvyeyi vya Papa, bashigikirana mu madiyozesi y’isi yose.

1.4. Mur’iri ISHIRA HAMWE, zina Kompanyi yose igumana ukwidegemvya kwayo, mu ntwaro, mu ndero, mu bikorwa no mu butunzi. Zina Kompanyi yose, kubw’imico kama yose, ikomeza imigenderanire y’ubumwe n’umwepiskopi w’Idiyozesi y’aho bafise icicaró cabo.

1.5. Mu buzima bw’Umweranda yatanguje Umuryango, mu gatabu k’Itegeko ngenderwako, k’ Ivyibuzo, no k’Iragi,

tubigereranije n'ibihe turimwo, mu Mategeko yacu y'ubu, dusangamwo ingendo y'ishimikiro y'ubuzima bwacu, kandi dusangamwo urugendo rwo kurangura amaherezo y'Umuryango. Urwo rugendo'urwo:

Gukomeza imisi yose kurushirizaho urukundo.

Guter'iteka Yezu Kristu.

Gukorera Imana n'Ubwami bwayo.

Gukorana nayo mu Rukiza rw'abantu bose.

UWATANGUJE UMURYANGO WACU

2.1 Mu kugamburukira Umutima Mweranda, Angela Merici Mweranda, yakiriye yompi ikinyegezwa ca Kristu, yatumwe na Data hagati mu bantu gusangira n'abo ivyabashikiye n'ubuzima bw'abantu bose, kugira ngo abahishurire IZUKA ryiwe, n'ubwihevyi bwiwe bwa rwose kuri Dawe kubw'abo, abonereho kurangura imigambi y'urukiza. Angela mweranda yararanguye ico

kinyegezwa ca Kristu mu buzima busanzwe bwa misi yose, yama yunga ubumwe na We, mu nyifato y’umugeni w’Umwana w’ Imana, “Umukunzi mpfampfe wiwe” (3).

2.2 Mu kugamburukira Umutima, Angela Mweranda yaratotahaje kubw’ubuninahazwa bw’Imana, uburyo bushasha rwose bwo kwihebera Imana, Kristu Mukiza yari yemeye, kandi hamwe nawe Bikira Mariya, Abatumwa, Ababikira n’abakristu benshi b’Ekleziya ya mbere.

2.3 Twebwe abigeme biwe, mu kanyamuneza n’ubukengurutsi, twakiriza yompi akarangamutima kiwe, Umutima Mweranda atasiba gukomeza, mu gutahemukira amamuko n’amizero y’Ekleziya.

AKARANGAMUTIMA K'UMURYANGO

3.1 Mu kwemera no mw'ibatisimu turasangira ikinyegezwa c'izuka rya Kristu, mu gihugu gishasha c'Imana kiri Ekleziya, twahamagariwe kuba “abageni b'ukuri kandi batagira agahonzi” (4) b'Umwana w'Imana, kugira ngo twitandukanye “n'umwijima” (5) w'isi kandi ngo twunge ubumwe mu “gukorera” (6) Ubwami bw'Imana dusigaye hagati mu bantu.

3.2 Mw'Ikompanyi tuzokwishurana ata gahato, kandi n'umutima w'urweze umuhamagaro.

Mu bugamburutsi tuzokundira Umutima kuturongora mu gukurikira Kristu.

Mu bwerentegerwa no mu bworo, kugira ngo ubuzima bwacu burerwe mu kwemera, mu kwizigira no mu rukundo.

3.3 Ubuzima bwacu bw'abihebeye Imana hagati mu bantu buzokwishimikiza mu

bumwe bwa Kristu Yezu, yasanuye ubwuzure bwa Data, kandi yaduhishuriye urukundo rutagira ingero kw'izina muntu wese.

3.4 Mu kuba inzigamabanga mu rugendo rw'ubwo buzima, tuzosangirana umwete ubushikiro bw'Ubwami, mu gutanga imfashanyo yacu:

Kugira ngo twinjize ubukomezi bw'Injili itagatifuza aho hose Imana yaduhamagariye.

Kugira ngo dutegere neza imigambi y'Imana mu bidushikira vyose.

Kugira ngo dutumbereze ku muco w'ivy'ijuru ibidushikira vy'imisi yose.

Kugira ngo, aho turi hose, dukorere amahoro n'ubumwe.

IBIZORONGORA UBUZIMA BWACU MU KWIHEBERA IMANA

4.1 Urugendo rwacu rw'umutima rwame rwitumbereza cane ukwiyegereza Kristu. Mu

bumwe dufitaniye na We, Soko ry’ubuzima nyabwo, turondere uburyo bwo kurangura mu buzima bwacu, bwa bumwe bw’agatangaza buri hagati y’ibikorwa vyacu n’ibihe vyo guhanga amaso Imana Umuvyeyi wacu, uko vyagizwe na Angela Mweranda n’abambere bamukurikiye. “Mu gusigara hagati mu bantu, mu bikorwa vya misi yose, binovore uburyohe bw’ubuzima butangarira Imana, kandi, mu buryo bw’agatangaza, bafatanye ibikorwa n’ibihe vyo guhanga amaso Imana mu gusenga. Ukuduga kure ku Mana ntigukura mu bikorwa. Ibikorwa vy’isi navyo ntibikubuza akanovera k’ibintu vyo mw’ijuru” (7).

4.2 Umutima Mweranda, yama akora muri twebwe, azodufasha kwinovora uburyohe bw’agacerere k’umutima, bw’gutangarira Imana n’ubwitonzi, nka Anna, mwene Fanueli (8), kandi azoduha ubukomezi n’ubutwari bwa Yudita (9).

DUfashijwe n’uwo Mutima, ubuzima bwacu
buzogira umwete wo kuba:

vyabona vy’urukundo, vy’ukwemera no mu
vyo kwizigira, mu mushaha w’isi.

Muzoba ivyabona mu kubazwa, ngo
musobanure mu bukerebutsi, imico
n’igipfungu dusanga mu muntu no mu
bidushikira.

Ivyabona mu “kwigishanya no mu kunezerwa
hamwe na bose” (10), mu dukorwa twiza two
ku musu ku musu, bivukira mu mutima
warezwe n’Inkuru Nziza.

Mu gushigikirana mu vyo gutanguza
imigenderanire y’umuvukano ni yo
gufashanya, mu kwerekana yuko muzi
gutez’imbere ukwidegemvya kw’umuntu,
abonereho kwiyugururira akazoza k’Imana.

4.3 Turitangirana umwete ubutumwa
bw’Ekleziya yitanga mu gukwiza hose Inkuru
Nziza. Tuzokwigora mu gutanga imfashanyo
yacu nk’abalayiki bihebeye Imana mu buzima
bw’Idiyosezi, no mu gusenga duhozako kugira

ngo Imana “ntihebe Ekleziya yayo, iyiriyorore riho, uko We abikunda” (11).

4.4 Muri Kompanyi dushaka kurondera, kwubaka no kuzigama umutima w’ubumwe n’umuvukano. N’ivyo bizogaragaza ibimenyetso vy’ubumwe bw’ukuri dusangira n’Imana. Tuzomenya gurtyo, ata gukekereza, yuko turi “ku nzira nziza kandi ishimwa n’Imana” (12), kandi tuzomenyeshya isi yose ko turi abigishwa b’Umukama. Mu gusangira akabisi n’agahiye n’abandi bihebeye Imana tuvukana, tuzoronka imfashanyo ngo tubeho kubwa Mutima mu buzima bw’umwe umwe, mu bandi bose no muri Ekleziya, kandi tuzoronka ikidushigikira mu gutsinda intambamyi mu rugendo rweranda rwo ngaha kw’isi.

IKIGABANE CA KABIRI.
ABAHAMAGARIWE UBWO BWIHEVYI.
UKWIMENYEREZA

5.1 Uwo yumva yuko ahamagariwe kwigana Yezu Kristu, yisunga Angela Mweranda, Ikompanyi imwakira abanje kugira amezi yo kugeragezwa abonereho kuraba aho arora. Ico gihe kizokundira uwo abishaka gutohoza neza imvo n’invano y’uguhamagarwa kwiwe, mu kwinjiza kure ikiranga umuryango wo kwihebera Imana hagati mu bantu, umwanya wo kumenya umutima w’Uwatanguje Umuryango kandi wo kwimenyereza imigambi y’ubuzima we yabaciriye.

5.2 Ukumwinjiza mu mezi yo kugeragezwa mu ntanguro n’uruhara rw’umukuru w’Ikompanyi, amaze guhanuza inama y’umuryango, amaze kwumviriza icyumviro c’uwo yamufashije mu mezi yo kwimenyereza mur’ubwo buhamagaro.

5.3 Ukwemererwa kuva ku ngene uwubisavye yerekana yuko ashaka kwinjira ahimbarwa, ata gahato, kandi ko ari n'ingabirano zikwiranye ubuzima bw'Ikompanyi. Uwubisavye aba afise canke arenze imyaka 18. Aba atafatiriwe n'amabanga y'ukwubaka, ko atasangiye ukwihebera Imana mu wundi Muryango canke mw'ishirahamwe ry'abandi bakozi mu butumwa bw'Imana.

5.4 Igihe co kwimenyereza kimara imyaka ibiri. Iyo bashaka kugabanya ayo mezi, ntibirenge amezi abiri, aho umukuru w'Umuryango afise imvo n'imvano z'ukuri. Nya gihe co kugeragezwa kirashobora kwongerwako, gitarenze imyaka ibiri, kuko uwinjiye abisaba canke kuko indongozi ibirondera. Mur'ivyo vyose bizokunda aho Inama y'Umuryango n'Uwubazwa ivy'indero, bavyemera.

5.5 Umwigeme ageragezwa azoherekezwa n'umukuru w'indero azomuguma hafi mu gutanga akarorero, mu kumuhanura, mu kumusabira, mu kumurangira inzira nyinshi zo kurerwa, kandi azomufasha guter'imbere mu kuganira nawe mu buryo bwubaka. Wa mwigeme azoshigikirwa n'abanyamuryango nka muramuna wabo, mu bisabisho, mu rukundo, mu kuganira mu kwubahana no mu kwinengesera.

5.6 Nya mukangara azorondera mur'izo ndero zose ibikoresho vy'ingirakamaro, ngo ater'imbere mu kwimenya kw'ukuri no mu kurerwa kwiwe kw'ukuri, mu vy'ubuntu, mu vy'ubumenyi, mu vy'umutima, mu vy'umuryango w'Ekleziya no mu butumwa. Izo mfashanyo, n'izindi, bizomutez'imbere mu kunyurwa n'inyigisho z'Injili, mu kuvyinjiza kure ku mutima, mu gutangura kurangura ingingo zijana n'ubwihevyi hagati mu bantu, mu kumenya ivyabaye vya

Kompanyi yo kw'isi yose no mu gukunda ubuzima bwayo.

UKWINJIRA MU VY'AGATEGANYO

6.1 Umukangara mu gihe co kugeragezwa yari yakomeje imigambi yo gukurikira Kristu mu karangamutima ka Angela Merici Mweranda, azoshobora gusaba kwakirwa kugira indagano za mbere, no kwinjizwa muri Kompanyi, naho bitari vya misi yose.

6.2 Mur'iyi myaka uwagize indagano za mbere azobandanya gukurikiranwa n'umukuru w'indero canke n'uwundi umuhetsi wiwe, kugira ngo, mu kugamburukira Umutima, yakire kandi yerekane imisi yose kurushirizaho mu buzima bwiwe, uburyo bwo kwihebera Imana hagati mu bantu buranga Kompanyi kandi akomeze icipfuzo n'ugushaka ivyo kwitanga ku Mana mu buryo bwuzuye kandi burundu.

6.3 Igihe c'ukwinjira vy'agateganyo kimara imyaka itanu kigabuyemwo ibice bibiri. Ikiringo c'imyaka ibiri n'ikindi c'imyaka itatu. Ivyo bice birashobora gutegekanywa ukundi, bivuye ku mukuru wa Kompanyi, Inama ivyemeye bamaze guhanuza uwujejwe indero. Igihe co kwinjira vy'agateganyo gishobora kwongerwako gitarenga imyaka ibiri, bisabwe n'umwihevuyi, canke kw'itegeko y'Indongozi. Abo bompi barakeneye guhanuza n'abari mu Nama kandi n'uwujejwe indero.

6.4 Iyi myaka itanu iri mu guhera, umwihevuyi azosaba gusubiramwo indagano canke kwitanga burundu.

6.5 Ukwiheba ubutacisubirako birashobora kuba imbere y'amezi atatu bitarenga. Bizoshoboka gutangwa mu mvo n'invano z'ukuri n'Umukuru wa Kompanyi.

6.6 Uruhusha rwo kugira indagano mu bihe vy'agateganyo, canke burundu, rutangwa n'Umukuru w'Umuryango ahanuje Inama yiwe n'Umukuru w'indero. Umwihevyi, bishobotse mu Misa, arashikiriza indagano imbere y'Umukuru canke Icegera ciwe, avyakira kw'izina ry'Ekleziya no kw'izina ry'Umuryango.

INDAGANO BURUNDU

7.1 Ukwiheba bwegu ni ingingo yo kwitanga ubutacisubirako. N'ikimenyetso c'ubunywanyi bw'ubugeni c'ubwuzure bacudikana na Kompanyi ku mategeko y'Ekleziya.

7.2 Umwihevyi azobandanya mu buzima bwiwe bwose kwitwararika ivy'iterambere mu buntu, mu vy'umutima, mu vy'ubwenge, mu vy'ibanga n'ubutumwa. Azokoresha neza, nk'uwuzi kubazwa, ibikoresho bitangwa na Kompanyi, n'Ekleziya, n'umubano w'abantu,

kugira ngo yame ater'imbere kurushirizaho mu kwihebera Kristu, mu buryo bwuzuye no mu kazoza k'imyaka yose.

7.3 Uwagize indagano burundu yemere kubazwa ubuzima n'iterambere vya Kompanyi. Azoyisangamwo hahantu h'iteka, ngo yigereranye n'abandi, aganire nabo kandi bashigikirane ku nzira basangiye badahemuka.

UKUVA MU MURYANGO

8.1 Umwihevyi amaze imyaka itanu ya mbere mu Muryango, ahatse guheba Kompanyi, Indongozi n'Umukuru w'indero bamubere hafi, kugira ngo abishinge amurikiwe n'ukwemera, abizi neza, kandi ata gahato.

Iyo ashaka guheba amaze kwinjira vy'agateganyo, canke kwihebera Imana burundu, azobisaba avyandikire Umukuru. Nawe azohanuza Inama yiwe, bazomukundira

mu vy'agateganyo. Mu vy'indagano burundu azokwandika iketi, abisaba ku Mwepiskopi w'Idiyosezi aho Kompanyi iri.

8.2 Uwukuweko indagano, uwo mwihevya avuyemwo ntaco aba agisangiye, ntaco akibazwa mu biraba amabanga n'amateka avuye mw'Ikompanyi.

UKUTAKIRWA, UGUTANGA IMIHOHO, UGUHINDURWA

9.1 Uwusavye kwinjira canke kubandanya muri Bene Angela, usanga adakwije ibisabwa ngo yemererwe, Umukuru w'Umuryango, amaze guhanuza Inama yiwe n'Umukuru w'indero, ntazomwakira.

9.2 Aho umwene Angela yaguye kenshi mu makosa ahambaye kandi yibonekeza, Umukuru azomuhanura, rimwe, kabiri, mu

kuvuga icese yuko azoshobora kwirukanwa (13).

9.3 Mwene Angela yahanuwe ntahindure ivyo yagirizwa, Umukuru, abicishije mu Nama yiwe, azotangura gukurikiza ingendo itegekanijwe n'amategeko y'Ekleziya (Droit Canonique) (14), yerekeye uwirukanwa, yabanje gukeburwa, canke ubwo nyene aho yabigize (15). Ingingo y'ukwirukanwa ikeneye kwemerwa kandi n'Icicaró Ceranda i Roma (Sainte Siege).

9.4 Uwirukanwa afise uburenganzira bwo guhanuza abakuru b'Icicaró Ceranda, mu misi itarenga icumi, kuv'umusi aronkeyeko iketi rimumenyesha ingingo yo kwirukanwa (16).

9.5 Kompanyi ifise ibanga ryo gushigikira, kubw'urukundo ruvuye mu Njili, uwo atemewe mu vy'indagano canke yirukanywe.

9.6 Uwuva mu bandi bihevuyi, yinjira muri Bene Angela, canke ava muri Bene Angela yinjira mu bandi bihebeye Imana, muzokurikira amategeko y'Ekleziya (17). Igihe hari uwuhindura umuvukano wa Bene Angela, yimukira mu yindi Diyosezi mu muvukano wabo nyene, canke mu kindi gihugu, hakwiye umwumvikano w'Abakuru n'amanama yabo.

UKUGARUKA MU MURYANGO WA BENE ANGELA

10 Ikompanyi izokwakirana urukundo umwe yari yavuyemwo abishatse, canke yirukanwe, asaba kugaruka. Ariko ategerezwa kugendera ibisabwa n'umuryango, nk'ikiringo co kurindirizwa cashinzwe, mu kwitonda no kwiyumanganya mu rukundo Injili isaba. N'ubu biciye ku Mukuru, Inama yiwe ivyemeye, kandi amaze guhanuza Umukuru w'indero.

**IKIGABANE CA GATATU.
NGO TWITABANE URUKUNDO
UMUHAMAGARO W'IMANA**

UGUSENGA KWACU

11 Iteka Imana Data yaduhaye yo kwitanga dutiziganya muri Kristu, duciye muri Ekleziya, risaba ngo riranguke neza, ugusenga duhozako hamwe n'ishaka rishinga imizi kure ryo kugumya ibanga muri vyose. Ugusenga guhozako kuzotwinjiza mu kiganiro Kristu Mwana asangira na Se, tubonereho kwakira ingabirano za Mutima Mweranda.

IJAMBO RY'IMANA

12 Ugusenga kwacu gushinga imizi, kukagaburirwa n'Ijambo ry'Imana. Muri Ekleziya no kubwa Ekleziya tuzotega amatwi yompi, mu gacerere k'umutima usenga, Ijambo ry'Umukama, tuzokwakirana

ubuyobohe bw'ukwemera. Dushigikiwe na Mutima tuzokwigora ngo turirangure mu nyifato zacu z'ukuri kandi zijana n'ugushaka kw'Imana. Niho tuzoba, mu buzima bwacu, ivyabona vy'imigenzo mishasha kandi vy'ukwizigira kuva mu Njili.

Tumurikiwe kandi twahinduwe n'iryo Jambo tuzoraba umuntu, isi, n'ibidushikira vyose n'ijisho ry'Imana.

AMASABAMANA N'AMASAKRAMENTU

13.1 Ukaristiya isoko n'iherezo vy'ubuzima bw'Ekleziya, n'ishimikiro ry'ubuzima bwacu, kandi n'umushaha w'uguhamagarwa kwacu, ingaburo y'ubutumwa bwacu. Mw'Ukaristiya tuzovomamwo amagara ngo duhereze, mu kugumya ibanga no mu gukenguruka, ubuzima bwacu, mu gukunda uko Kristu yadukunze. Mw'Ukaristiya niho tuzoronkamwo ingabirano y'akanyamuneza

mu kwagura umutima mu mwizero y’isi nshasha.

13.2 Kuber’ivyo tuzosangira Imisa ku musu ku musu. Dutabishoboye mu gusenga tuzokwunga ubumwe n’abari mu guhereza inkuka y’Imisa urudahengeshanya hahandi kw’isi yose, mu gusabira bantu bose.

13.3 Mu bumwe bw’Ekleziya-Muryango tuzosangira mu masabamana ikinyegezwa ca Kristu mu guter’iteka umusi w’Umukama kandi tuzoninahaza Imana, mu bisanzwe vya misi yose mu gatondo no ko mugoroba mu Mashemezo y’Ekleziya.

13.4 Mu gutegera mu mutima, ko tutazi kwishurana umwete ingabirano y’Imana kandi icyumviro yuko tutari intatana mu ndagano uko bikwiye, ivyo vyose bizodutuma gusaba ku “Mukama yuzuye impuhwe cane” (18), ikigongwe, igihe n’uburyo vyo kwigaya.

Tuzorondera kenshi, mu kudasiba, uko dushobora kwose, isakramentu ry'ikigongwe.

IGISABISHO C'UMWE UMWE

14.1 Mu kwibuka ko dukeneye guteramana n'Imana, kugira ngo tube hagati mu bantu mu vy'ukuri, tuzorondera, ku musu ku musu, ibihe vyo gusenga mu gacerere, mu gutangarira Imana no mu nzu zacu:

Kugira ngo duserure ubuninahazwa n'ubukengurutsi ku Mana hamwe n'ibiremwa vyose.

Kugira ngo dusabe ikigongwe c'ibicumuro vy'abantu bo kw'isi yose, c'ibicumuro vyacu n'ica benewacu bose.

Kugira ngo dutangarire ivyiza vy'agatangaza Imana igira muri twebwe no mu bidukikije vyose.

14.2 Tumenye gukoresha neza ivyo vyose bishobora kudufasha mu gukomeza urugendo

rwo kwisubirako imisi yose; cane cane mu vyo kwisuzuma, mu migenderanire yacu n’Umukuru no ku baturera ku mutima.

14.3 Twakirize yompi ubutumire bw’Uwutanguje Umuryango mu biraba ukwisonzeshya kwojana n’ibisabisho. Mu kubivugana n’indongozi y’umutima, Umukuru avyemeye, tuzorondera uburyo n’ibihe bidukundira kwisonzeshya, ngo bidufashe kwisubirako mu kudasesagura, no mu gusangira na benewacu baturusha ubukene.

14.4 Ubuzima bwacu, mu vyo gusenga, buzoronka akarorero no mu bumwe dusangira twigishijwe n’abwacu, n’umubano no muri Ekleziya y’amavukiro turimwo.

14.5 Tuzotungisha ubuzima bwacu bw’umutima mu kwiga inyigisho z’abakuru b’Ekleziya, no mu gusangira ibikorwa vyiza Ekleziya y’amavukiro itwereka.

14.6 Tuzozirikana Amategeko y’Umuryango n’inyandiko Angela Mweranda yadusigaranye, kuko bitubera inzira yo kwishurana umutima wo kugumya ibanga umuhamagararo w’Imana. Tuzohimbazany’umwete, umusi mukuru wiwe, n’uwa Ursula Mweranda, kandi ku musi wa Katerina wi Alexandriya Mweranda tuzokwibuka itariki ry’ivuka ry’Umuryango.

15 Imisi yo kwipfunga kwacu ku mwaka ku mwaka irahambaye cane mu gukomeza ubuzima bwacu bw’ibanga, hamwe n’iyindi misi yo kwiga ivy’umutima, hamwe n’amakoraniro, Kompanyi turimwo azogira. Nya bihe bikomeye kur’umwe umwe muri twebwe, bizotubera ingabirano ntangere ya Mutima Mweranda. Tuvyakirane ubukengurutsi n’umutima ubibazwa neza. Erega no mu vya Kompanyi nyene, ivyo bitubera ighihe c’inema: Kugira ngo twibuke ko dufatanije urugendo mu gusangira amaherezo.

Kugira ngo duhanahane akanyamuneza
k'ubumwe dusangira mu gukoranira hamwe.
Kugira ngo dutegere kurushirizaho, ko Angela
Mweranda ari kumwe natwe kandi adusabira.

16 Mariya Nyina wa Yezu, dutabazany'
urukundo rw'abana bamukunda:

Ni We akarorero k'ubuzima bwacu

bw'abihebeye Imana hagati mu bantu.

Ni We atubera, ku musu ku musu, ishimikiro
ry'inyishu yacu ku Mana.

Ni We atwigisha guter'imbere mu kwemera.

Ni We atwigisha kutwugururira urukundo
rw'Imana.

Ku bwiwe tuzotabaza umuco wa Mutima.

Ni We tuzorondera mu biduhanamiye no mu
bitugora, tubonereho kuba, nkuko kwiwe,
ingumyabanga imisi yose.

Tuzoraba ishapule nk'igikoresho c'iteka mu
kuzirikana ivyibukiro vy'urukiza hamwe na
Bikira Mariya.

17 Turazi neza yuko tutarondeye nk'imbazwabanga ikibanza n'igihe vy'Imana, ntituzoshobora namba kubaho mu gufatanya ibikorwa vyiza n'ugutangarira Imana. None rero tuzokwigora ngo tube inzigamabanga mu gusenga rusangi canke kw'umwe umwe, no mu gukura no guter'imbere kubw'imigambi y'Imana.

Aho dusanga ivyama bitugora mu gusenga, tuzorondera mu kuganira n'Umukuru, uburyo butubereye kuruta mu gukiza ubuzima bwacu bw'umutima.

IKIGABANE CA KANE. UBWIHEVYI N'UBUTUMWA

UBWIHEVYI

18.1 Muri Kristu, Mana Data aturonkera, umwe umwe muri twebwe, iteka ntangere ry'ubwihevvyi muri Kompanyi. Mu kwitaba kwacu, mu kwemera indagano zijana n'inkuru nziza, turaserura ugushaka gukomeye kandi kurangutse kwo kwitanga tudakekereza ku Mana no kuri benewacu, mu kuba intatana mu ndagano mu buzima bwacu bwose.

18.2 Tuzokwakiriza yompi indagano injili itwigisha y'ubugamburutsi, y'ubwerentegerwa, y'ubworo, hari "mu gushaka kudakekereza" (19), hari mu ndagano, hari mu vy'ukwemerera, kugira ngo tubirangure hagati mu bantu, mu buryo Uwatanguje Umuryango yabishatse, kandi uko biboneka mu Matageko. Kompanyi imwe

inwe mu nama ya bose izoshinga uburyo bwo gutanga indagano uko bibereye n'ivyabaye vyiwe vya kera canke vya vuba.

18.3 Mu gihe co gutanga indagano, mwene Angela yitavye umuhamagaro w'Imana, yemera kugendera indagano zigishwa n'injili, ubugamburutsi, ubwerentegerwa, n'ubworo, yibuke ko yisunze ibi:

Ubunywanyi bweranda asangira n'abandi bihebeye Imana muri Kompanyi, abibazwa ku mutima.

Ubukengurutsi afitiye n'uwakira indagano ziwe kw'izina ry'Ekleziya no kw'izina rya Kompanyi.

Ibuke igitigiri c'imyaka yemeye kurangura za ndagano.

Yame arabirako ingingo ngenderwako ya Angela n'igitabo c'Amategeko.

UBUGAMBURUTSI BW'UMWANA KU MUYEYI

19.1 Mu kugabira Imana ugushaka kwacu turasangira n'Ekleziya no muri Ekleziya Ibanga ry'ubugamburutsi bwa Kristu ataje kw'isi mu gukora ugushaka kwiwe, ariko ugushaka kw'Uwo yamutumye.

19.2 Twunze ubumwe na Kristu tuzorangura iteka ryo kugamburukira Ijambo ry'Imana, kugamburukira Inyigisho n'amatgeko vy'Ekleziya, kugamburukira abashinzwe ubukuru muri Kompanyi. Ukugamburukira “so wawe na nyoko wawe” (20), “amategeko, n'ivyashinzwe n'abakuru n'abari mu Ntwaro” (21), aho hose batahakana umutima n'umuco vy'ukwemera, kugamburukira “zina kiremwa cose kubw'urukundo rw'Imana” (22). Ariko, hejuru ya vyose, tuzogamburukira Umutima Mweranda “atahengeshanya” (23) kuganira n'umushaha unywana n'Imana ukirebanga,

mu nama nziza, n’inyosha nziza.

19.3 Mu biyago hamwe n’abavukanyi muri Kompanyi, umwe umwe azokwiga gusobanura mu bimushikira ivyo ubugamburutsi busaba, mu kuturonkera “umuco munini” (24) mu kutubera isoko ry’ukwidgegemvya n’akanyamuneza bituruka mu kwitanga mu mutima.

19.4 Mu mabanga yo kwihebera Imana, umwe umwe, aganire n’Umukuru canke n’Umuhetsi, nk’umuntu abibazwa kandi abishaka, mu buryo no mu gihe bumvikaniye hamwe. Bayage ivyerekeye ukuba inzigamabanga mu bisabwa n’umuhamagaro no mu ndangamutima, mu gusangira ubuzima bw’Umuryango kubw’ingingo ngenderwako n’Amategeko. Mur’ico kiganiro azomumenyesha amayira ashaka gutora, bizohindura urutakivana ubuzima bwiwe. Akarorero: uguhindura akazi arimwo, canke aho abamwo, ukwakira canke guhakana

ibanga rishasha mu bantu, canke amabanga agoye mu rugo rwiwe, canke ubutumwa mu vy’Imana. Mu kuganira n’Umukuru yemere kwakira impanuro azohabwa.

19.5 Mu vyotugora, ubwitonzi n’ubutungane bazorongora Abihebeye Imana n’Umukuru, ku rugendo rurerure rw’ubuzima bwacu bwose, mu kurondera ugushaka kw’Imana kutatubuza na rimwe kubazwa ukwacu ivyo twashinzwe bwite.

UBWERENTEGERWA

20.1 Mu kwakiriza yompi ubwerentegerwa kubw’Ubwami bw’ijuru, turasangira n’Ekleziya no muri Ekleziya ibanga ry’ubwerentegerwa bwa Kristu yakunze cane abantu gushik’aho yitanze mu kubapfira, ngo abakize.

20.2 Mu kwung’ubumwe na Kristu no mu kumwigana, tuzokwishurana urukundo

duhozako, urukundo rwa Data, turindiriye mu gishika umusi aho tuzohurira urudahengeshanya “n’uwudukunda urutiziganya”. Mu buzima bwacu bwa misi yose, ku musi ku musi, tuzokwiyerekana kandi tuzokwerekana abantu bose, akanyamuneza n’ubukengurutsi vy’umuntu azi ko akundwa, kandi tuzoshingira intahe akanyamuneza ko kwitanga twese ku Mana.

Twugurire umutima amabanga y’ubukunzi, yo gukorana mu gufasha bose n’umutima mwiza. Tuzomenya gukoresha neza iteka n’ibanga ryo kuba abigeme. Bizodutuma kuba abigeme bazi kunezerwa no kwidegemvya, kwuzuye urukundo, ukwemera n’ukwizigira; bakunda kwitanga kuri bose, mu kubuza abashaka kudukoresha no kutuganza nabi.

20.3 Mu kanovera k’umuryango, umwihevya wese ategerezwa gukomeza no kugumya muri Kompanyi, umwe umwe wese azoshobora kurondera ibikoresho n’uburyo, ngo mu bihe

azogeragezwa, amenye kurinda rukristu ubunyakamwe n'ibitugora mu mutima.

20.4 Mu ndagano umwe umwe yemeye mu kwihebera Imana, “mu guturana ugushaka kwiza ku Mana umushaha wiwe nk’inkuka” (25), azorangura adahemuka ubwerentegerwa, mu mpande zabwo zose, no mu bishobora kumugora mu bwihevuyi no mu bimunezereza na cane. Azokwigenza ngo yikingire “iceyi cose kitaroranye n’abageni b’ “Imana iri hejuru cane” (Dieu le très haut) (26).

20.5 Abakuru bazotumwa n’ubwitonzi n’icubahiro cuzuye, mu gufasha no mu guherekeza abavukanyi mu nzira y’ukwama bihereza Imana.

UBWORO TWIGISHWA N'INJILI

21.1 Mu gukwirikira Yezu Kristu turasangira n'Ekleziya no muri Ekleziya ikinyegezwa ceranda c'ubworo bw'Umucunguzi, We yahawe vyose na Se, We yama amurabirako, yama amwiherezako, kuko ari We isoko ry'ivyiza vyose.

21.2 Mu kunywana na Kristu no mu kumwigana, tuzosangira ubworo yatwigishije mu Njili, mu kwama kwisunga rwose no muri vyose Imana idushakira ineza yacu n'akanyamuneza kacu. N'ico gituma: Tuzokwibonera ukwidegemvya kw'abana bayo, mu kwibeshaho mu kazi kacu, mu gukoresha ivy'isi, mu kwiheberana igishika Imana Dawe, yama itubera "Indavyi idukunda mu buryo bw'agatangaza" (27). Tuzomenya gutegera mu gutihebura amakosa y'akamere yacu, amazinda n'umubabaro vy'ubuzima, mu gusangira ubworo bwa

Kristu, gushika mu bworo, buruta vyose, bw'urupfu.

Tuzokwama twigora gutangira benewacu umwanya, akanama, agasabisho, agafaranga n'ibindi vyiza.

Twitonde mu gutegera ubukene bwabonetse twahuriyemwo, ibisabwa n' Ekleziya n'ibikenewe muri Kompanyi.

21.3 Mu kiganiro ca misi yose tuzokwihweza mu bumwe bwa Kompanyi, no mu kwibazanya ubwitonzi, ubukene bw'igihe turimwo, n'uburyo tuzogira ngo dushobore gutabara, uko dushobora kwose, ngo tubugabanye.

Umuryango wa Bene Angela mu gutunganya ivy'itunga, n'ivy'ibikorwa twashinzwe, no mu butumwa bw'Ubwami bw'Imana, uwo Muryango ugenzwe n'umutima wo gusabikanya, mu kwicisha bugufi no mu gutasesagura.

21.4 Kubera indagano twaraganye mu kwihebera Imana, umwe umwe wese, bivuye ku gushaka kwiza, mur'ivyo atunga vyose, agerageze kuziganya no guhanuza mu kubikoresha. Kuber'ivyo azovugana n'Umukuru, canke n'Umuhetsi wiwe, ivyerekeye itunga ryiwe, n'ingene azorikoresha mu buryo no mu gihe gikwiye. Arasaba uruhusha mu gufata ingurane, mu gusohora ubutunzi mu buryo butasanzwe, canke mu gufasha guhambaye. Hari ivyihutirwa, arabigira uko abona bibereye, ariko azobimenyesha Umukuru w'Umuryango, aho abishobora, atatevye.

21.5 Urukundo rwa Kristu n'umwitwarariko ruvuyeyi, bizotuma Abakuru kwiyegezeza abasangira Kompanyi basanzwe bari mu bukene bwa cane.

UGUHOZAKO MU GUSHINGIRA INTAHE

22.1 Ukwihebera Imana kwacu kudusangiza mw'Ekleziya ubutumwa bwa Yezu Kristu, umusaserdoti, umuhanuzi n'umwami.

22.2 Mu bumwe dufitaniye na Kristu, mu butumwa rusangi dusangira n'Ekleziya, tuzogira umwete mu kwama guhereza Imana inkuka y'umutima, no mu gukorera Ubwami bw'Imana no kubutez'imbere mu bidushikira imisi yose.

22.3 Mu rugo no mu mirimo turimwo, mu mubano dusangira mu gihugu, mw'Ekleziya, mur'ivyo vyose dukora, no mur'ivyo twashinzwe, twamiza umwizero ku vyiza vy'ijuru aho Kristu avyagiye iburyo bwa Data. Ibikorwa vyacu tubigire nk'uwubibazwa cane, mu buhinga bukwiye, mu butungane no mu kutabifata minenegwe.

Aho tuzoba hose tuzokwigora ngo tube abubatsi b’amahoro. Twokwitwararika ubukene bwa benewacu, mu kwigora mu kwubaka “igisagara c’abantu”, mu kwunga ubumwe n’abandi, mu kurwanira ukuri n’ubutungane.

Tuzokwakirana urweze Kristu, tukamukorera mu bwitonzi n’igishika, muri zina muntu wese, mu guhera ku bari mu bukene kurut’abandi. Ukwigenza kwacu kuzorangwa n’ubukerebutsi, n’ ukwifata ruto, n’ugutanga akarorero keza kazonezereza abo bose tuzohwana. “Invugo zacu ntizirenge ingero, tuzizirikane mu bwenge bwacu, ntizikarihe, ntizigume nk’ibuye. Invugo zacu riho, zive mu buntu, kandi zifashe kunywanisha mu rukundo” (28).

22.4 Mu kwibuka yuko turi “amabuye mazima” y’Ekleziya y’igihugu c’amavukiro no muri Ekleziya yo kw’isi yose, tuzokorana n’abandi batumwa uko turangwa n’akaranga mutima kacu, kugira ngo dutez’imbere

umubano w'Ekleziya turimwo. Tuzotega yompi inyigisho y'Abungere bacu, cane cane Umwepiskopi w'Idiyozesi turimwo, uko bikenewe mw'Ekleziya mu gutez'imbere ivyo kumenyesha hose Inkuru Nziza no mu gukorera urukundo, tutirengagije kumenyesha akaranga mutima ka Angela Merici Mweranda.

22.5 Hagati muri Kompanyi tuzokwerekana, mu mvuko no mu ngiro, urukundo dufitaniye mu gufashanya na benewacu no mu gushigikira, uko dushobora kwose, ubutumwa n'ibikorwa batwerekana muri Kompanyi nyene.

22.6 Aho Kompanyi atwara ibikorwa biraba indero y'urwaruka, canke ivy'ikigongwe, abo, muri twebwe, bemera kwinjiramwo mu kubashigikira ata gahato, bamenye yuko ubwo bumwe bafitaniye buzoba igikorwa gishingira intahe ihambaye Umuryango n'Ekleziya: Iyo hazoboneka icese ubumwe bw'abavukanyi bakorana.

Iyo hazoboneka icese umutima wo kwakirana no gusangira vyose.

Iyo bazogendera ikituranga mu gukorera ubutumwa hagati mu bantu.

22.7 Ico kituranga co kwihebera Imana hagati mu bantu, kidushira nk'umwambiro mwiza kw'isi, gisaba ngo twitonde kandi twicishe bugufi mu vyerekeye iteka dusangira muri Kompanyi turimwo. Kandi, aho hamwe hamwe, basaba ngo dushingire intahe icese mu vyerekeye ukwo kwihebera Imana, ntitwibagire kwubahiriza akabanga k'abandi dusangire Kompanyi.

IKIGABANE CA GATANU MU BUMWE HAMWE. IKOMPANYI

23.1 “Mu bumwe hamwe” (29), muri Kompanyi turasangira iteka ry’Imana iba hagati yacu, tukibonera, mu bidushikira, umuvukano, tugasangamwo intabaro idushigikira, kugira ngo turangurane mu bumwe itorwa ryacu n’ubutumwa bwacu.

23.2 Umwe umwe ukwiwe azokwumvamwo, ko asangira iyo Kompanyi akayibazwa mu buzima bwa misi yose. Azokwigorana umwete w’ingirakamaro, uko abishobora, uko yiteguriye abizi. Azokwihuta kwakira ibikorwa abakuru bazomusaba mu biraba ineza ya Kompanyi. Kandi azobirangura mu kwubaha amategeko yashinzwe n’Ekleziya, mu biraba Imiryango y’abihebeye Imana hagati mu bantu.

23.3 Bamwe bamwe muri twebwe bazoshingwa n’Ekleziya na Kompanyi

igikorwa co kurongora no gukorera abandi. Mu kwigana Yezu Kristu yaje kur'iyi isi mu gukorera atari mu gukorerwa, ubukuru muri Kompanyi buzorangwa n'ababushinzwe ku buryo no ku ngero Angela Merici yaberetse, babonereho kuba abarinzi n'abavyeyi “b'abageni b'Uwuri hejuru cane” (“L'Altissimo mu gitaliayano = Le très haut”) (30).

Umukuru, cane cane, azokwitonda nko abe igikoresho c'ubumwe, c'ubuzima rusangi, co kugirisha inama, co kurongora abandi mu kanyamuneza. Kandi azofasha abarimwo bose gusangira akabisi n'agahiye, ugupfa no gukira muri Kompanyi.

Umukuru azokwitwararika cane gukomeza urugendo Ekleziya izotwerekana, kugira ngo Kompanyi ibeho neza, ibe inzigamabanga y'umwete, mu kurangura akarangumutima kayo.

Umukuru kandi abere benewabo umurinzi nyawo w'umwete, yama amaso, kandi azokwigora mu kwamana urukundo n'ubuntu,

mu gutanga akarorero no mu kumatana mu ndagano.

AMAKORANIRO

24.1 Ikoraniro rya Bene Angela bose ni rwo rwego rukuru rwabo. Ni ryo igihe ceranda c’ubuvukanyi. Ni ryo urwego mu makoraniro asanzwe, canke adasanzwe.

24.2 Ikoraniro risanzwe rijejwe:

Ugutora umukuru n’abagize inama yiwe y’impanuzwajambo.

N’igihe co kuraba uko ibikorwa vyarangutse.

Ukuringaniza ibikorwa bikenewe gukorwa mu kazoza.

Ugushinga ingingo ngenderwako.

Ukwitegura akazoza n’ugutora ibikenewe gushingwa, mu buzima bwa Kompanyi.

Ugutora itegeko rishasha canke guhindura irindi ritakwiye.

Ugushikiriza icese Umuryango, bimwe bimwe vyabaye, canke ibindi bisabwa.

Ugupfundika ivyotez'imbere ubuzima n'iteka rya Kompanyi.

Ukwiga neza ingingo zimwe zimwe z'amategako nshingiro, no mu vyerekeye ikiranga Umuryango.

24.3 Ikoraniro risanzwe rizohamagarwa n'Umukuru, rimwe ku myaka itandatu. Birashoboka ko ryogirwa imbere canke mu nyuma batarenze amezi atatu. Mu kurihamagara bazomenyeshya ibikuru bikuru bizokwihwezwa ku musu ku musu mur'iryo koraniro nyene.

24.4 Ikoraniro ritasanzwe rizoshobora guhamagarwa n'Umukuru kubera ibibagora bihambaye bibuza kurindira ikoraniro risanzwe. Rizoshobora guhamagarwa, ibice bitatu kuri bine vy'igitigiri ca Bene Angela bari mw'Ikompanyi barisavye, canke n'Umukuru n'abari mw'ikomité yiwe.

24.5 Abihebeye Imana bose bari mw'ikompanyi, bafise iteka ryo gusangira ikoraniro risanzwe canke ritasanzwe. Abihebeye Imana burundu hejuru y'iteka ryo gutora bafise n'iteka ryo gutorwa mu nzego zirongora Ikompanyi. Uwutaje mw'ikoraniro, aronse uruhusha rukwiye, ashobora gutora mu gutuma uwundi canke mu kurungika iketi. Uwusangiye ikoraniro ashobora gutora kw'izina ry'uwundi umwe gusa. Ijwi ry'umwe atari mw'ikoraniro, arungitse iketi, rishoboka mu matora ya mbere gusa.

24.6 Kugira ngo ikoraniro kaminuza ryemerwe, hakenewe igitigiri kirenze inusu ry'abasangira Kompanyi, bitavye ikoraniro, canke barungitse iketi, canke batumye uwundi w' Umuryango amuserukira. Ingingo zipfunditswe mw'ikoraniro, kiretse ivyanditswe ukundi mu Mategeko dufise, zikurikizwa zemejwe n'ibice bitatu kuri bine vy'abanyamuryango.

24.7 Abitavye amatora, bazotora abantu bazi ko bagomwe, bemeye kwitanga mu rukundo, kandi bazi gutanga umwanya n’amagara, basanzwe batowe mu butumwa bushasha.

24.8 Ihwaniro kaminuza rishasha, riyoborwa n’Umukuru w’Umuryango. Bazotorwa n’inusu irengako umwe Babiri bazoharura amajwi, hamwe n’umwanditsi aguma afata icegeranyo c’ibiriko biragirwa.

Abari mw’ikoraniro bazobandanya gutora, mu matora atandukanye, Umukuru w’Umuryango, Icegera ciwe, n’Abahanuzi bakuru, ku gitigiri cashinzwe n’ikoraniro nyene.

Mu gutora umukuru w’Umuryango bafatira ku uwaronse inusu ry’amajwi y’abatora arengako rimwe ku kiringo ca mbere n’ica kabiri, igihe cohabaye. Ubwa gatatu, baca bemera uwaronse amajwi aruta ay’abandi.

Umukuru amaze gutorwa aca arongora ikoraniro nyene.

Mu gutora Icegera c'Umukuru w'Umuryango, bafata uwakwije amajwi arengako ku gice cabatoye, ubwa mbere, ubwa kabiri baca bafata uwaronse amajwi aruta ay'abandi.

Mu gutora Abahanuzi, batora mw'itsinda imwe, canke babatora rimwe rimwe kur'umwe umwe, uko ikoraniro ribishaka. Hatorwa rero uwurushije abandi amajwi, iyo ari amatora yo kurondera umwe umwe. Iyo habaye amatora mw'itsinda, bafata abo barushije amajwi abandi. Mur'ayo matora yose, iyo hagize abanganya amajwi, haba hatiwe uwuruta uwundi mu myaka y'ivuka. Iyo batoye mw'itsinda rimwe, igitigiri c'abatorwa kibwirizwa kungana n'igitigiri c'abahanuzi babwirizwa gutorwa.

24.9 Umukuru azoshobora gutorwa ubugira kabiri ku myaka itandatu. Azoshobora gutorwa mu kindi gihe inyuma yuko yaruhuriwe amate, ibiringo bibiri vya mbere.

Iryo tegeko rifata kandi icegera ciwe canke Abahanuzi, n’abandi Bakuru.

24.10 Ibizoshingwa bitasanzwe n’Ikoraniro risanzwe canke ritasanzwe, mu vyerekeye ibikorwa vya Kompanyi, bitegerezwa kumenyeshwa ngo vyemerwe n’Umwepiskopi w’Idiyozezi aho Ikompanyi ikora.

Ingingo Kompanyi ishaka kwishingira, zizorungikwa ubwa mbere mu Nama ya Kompanyi yo kw’isi yose (“Fédération”), kugira ngo yemeze ko zihurira n’Amategeko. Ubugira kabiri za ngingo zizokwemezwa n’Umwepiskopi nyene.

Ivyumvikanyeko n’ivyacyiye mu matora, bizokurikizwa na bose guhera uyu musu aho vyashinzwe.

Umwepiskopi bazomushikiriza icegeranyo c’ingene amatora yagenze.

URWEGO NYOBOZI

25.1 Urwego nyobozi rugizwe n’Umukuru w’Umuryango n’umurwi w’abahanuzi biwe.

25.2 Umukuru hamwe n’abagize Inama nkuru bazokwirikira ibi:

Ugukomeza n’uguteza imbere akarangamutima ka Kompanyi.

Ugushigikira ubumwe hagati yabo.

Ukurinda ngo Amategeko n’amateka y’Umuryango birangurwe.

Ukwinjiza no gutez’imbere ibikorwa bizokomeza urugendo rw’ubweranda bwa Bene Angela.

Ukwiyegerezany’ urukundo n’ubwitonzi zina mwihevyi mwene Angela wese.

Ukuronderana umwete ibikenewe muri Kompanyi.

Ukurangura neza ivyashinzwe n’ikoraniro kaminuza.

25.3 Urwego Nyobozi ruzogirwa n'icegera c'Umukuru, n'Abahanuzi bashinzwe n'ikoraniro kaminuza batarenga icumi n'umwe.

25.4 Uruhara rw'inama y'abahanuzi: Ugukorana umwete n'Umukuru. Ugutez'imbere ubuzima bwa Kompanyi mu kugumya ibanga ry'akarangamutima kayo. Ukuronderera mu bumwe umuti nyawo w'ibigora biserukira hagati yabo.

25.5 Umukuru, mu bisanzwe, azokoranya inama y'Abahanuzi rimwe mu mezi abiri. Iyo nama izorongorwa n'Umukuru canke n'Icegera ciwe, atumwe n'Umukuru nyene. Inama, ngo ishobokeye, irakeneye abarenga inusu y'abarimwo. Ivyashinzwe nyene, birakeneye ngo vyemerwe n'abarenga inusu y'abari mu nama. Uwurongoye iyo nama ntatora. Iyo abemeye ingingo bangana n'abayihakanye, mu matora abiri ya mbere,

uwuyirongoye aca abitatura mu gushira ijwi ryiwe aho abona bibereye.

25.6 Mu kwumvikana n’Inama, Umukuru azotoramwo Umwanditsi n’Umunyabigega, bishobotse, mu Bahanuzi nyene.

25.7 Amaze guhanuza Abahanuzi, Umukuru azotora uwujejwe ivy’inyigisho n’indero. Uwutowe, ahanuje Umukuru, ashobora gutabarwa n’abandi bari muri Kompanyi, canke mu bumwe bw’Ishira hamwe y’Amakompanyi bahamagawe kwunga ubumwe, bazi neza ko babazwa ibihambaye.

25.8 Iyo Ikompanyi igirwa na benshi cane, canke abarimwo baba kure y’inzu y’inama, Umukuru, yumvikanye n’Inama y’Abahanuzi biwe, ashobora gutandukanya imirwi, naho batabana ahantu hamwe. Amaze guhanuza umurwi w’ababirondera, Umukuru azotora abazokwitwararika iyo mirwi nyene, baronse uruhusha rukwiranye.

25.9 Aho hari ibibazo, canke ingorane iraba ubuzima bwa Kompanyi, Umukuru ashobora gutumira mu nama, bamwe bamwe basangira Ikompanyi, biboneye vyinshi canke bafise uruhara mu bandi, naho batari mu Bahanuzi. Umuganda batanga ni umuco ufasha gutohoza neza, kandi intererano yabo zizobabera igihe ciza kibatungisha mu kuri no mu gutegera inzira nshasha.

25.10 Umukuru yitavye Imana, canke yabujijwe n'imvo ihambaye kurangura amabanga yitoye, Icegera c'Umukuru, abimenyesheje Umwepiskopi y'Idiyozesi barimwo, aca arongora Umuryango vy'imfatakibanza, kandi inyuma y'ikiringo gitarenga amezi atatu, abwirizwa gutumako Inama, ngo batore Umukuru hamwe n'Abahanuzi.

Umukuru w'Umuryango, aramutse asavye gutanga imihoho, ategerezwa kwemezwa n'abakuru b'Ekleziya i Roma.

Igihe Icegera c’Umukuru w’Umuryango yitavye Imana canke yabujijwe n’imvo zihambaye, Umukuru yavyemeye kandi ahanuje Inama mpanuzwajambo, azotanga ikibanza ku uwambere mu Bahanuzi. Hagize ko yitavye Imana umwe mu Bahanuzi, canke yatanze imihoho, yemewe n’Umukuru, uwo nyene aca agena uwundi mu bagize indagano burundu, amaze kuraba ivyashinzwe n’Ikoraniro kaminuza.

AMATUNGO Y’UMURYANGO

26.1 Amakompanyi yose, aho ari hose, arafise bwigenge igihe akwije ibisabwa n’amategeko nshingiro. Ikompanyi yose ica iringaniza ivy’intwaro yayo, ikagira izina ryayo. Ikompanyi yose ifise ububasha bwo kugura, bwo gutunga, bwo gukoresha, bwo kugurisha, mu mwidegemvyo, amatungo yo kw’isi, kugira ngo abesheho ubuzima bw’abavukanyi, hamwe n’ubutumwa bwabo.

Ayo matungo ya Kompanyi, ararabwa nk'amatungo y'Ekleziya uko vyanditswe mu gitabu ca gatanu, mu Mategeko y'Ekleziya nyene (Droit Canonique 5° Chap.).

26.2 Umukuru niwe yemewe kubazwa amatungo ya Kompanyi. Niwe, abanje guhanuza Inama y'Abahanuzi, ashobora kwigena wenyene, canke akagenya uwundi munyamuryango ngo abe ari we aserukira Ikompanyi imbere y'amategeko y'igihugu.

Umunyabigega arabungabunga amatungo ya Kompanyi ayobowe n'Umukuru. Rimwe ku mwaka, aratanga imbere y'Inama mpanuzwajamnbo, icegeranyo c'ivyakoreshejwe, ivyinjiye n'ibisigaye. Umukuru nawe azobishikiriza abari mw'ikoraniro kaminuza risanzwe.

Umukuru ntashobora gukoresha ubutunzi bwa Kompanyi, kubusubiza inyuma, canke kubuhungabanya ataronse uruhusha rw'ikoraniro kaminuza rya Kompanyi.

26.3 Ikompanyi itashoboye kubandanya izoshinga ingene izotanga itunga ifise ku yindi Kompanyi isangira ishira hamwe ya bose, kandi ishobora kuvyakira n’ukuyatunga vyubahirizwe n’amategeko.

26.4 Bitashinzwe gurtyo na Kompanyi itazobandanya, Inama y’Ishira hamwe (Conseil de la Fédération) izoshinga ikatora Kompanyi izoshobora guhabwa iryo itunga, hisunzwe amategeko. Iyo nama izoranguka igihe bishimwe n’Abakuru b’Ekleziya (“Icicaró Ceranda” Saint-Siège).

ABAKUNZI SOMA-MBIKE BACU

27.1 Zina Kompanyi yose, vyashinzwe n’Ikoraniro ryaryo, irashobora kugira abakunzi “soma-mbike”. Ni abo bashimye, aho bari hose, kurangura ubuzima bw’Inkuru Nziza no mu muco no mu karangamutima vya Angela Merici Mweranda.

27.2 Uko bazoshobora kwung’ubumwe bwacu, n’imigenderanire yacu n’abo bakunzi “somambike”, bizoshingwa n’Ikoraniro ya Kompanyi.

UBUCUTI BWACU N’UMWEPISKOPI

28 Umwepiskopi w’Idiyosezi aho Ikompanyi iri, kubw’iteka ryiwe no kubwa ayo Amategeko yacu, ni Umuvyeyi akaba n’Umwungere wa Kompanyi, akaba Umukuru w’Ekleziya mu biraba ubuzima bw’abasangira Ikompanyi nyene. Ni we azokwemeza ingingo zose dupfundika muri Kompanyi. Mw’iragi twashinzwe Kompanyi yunga ubumwe butasanzwe n’Umwepiskopi, igasangirana umwete, uko ishobora kwose, ubuzima n’ubutumwa vy’Ekleziya irimwo.

UMUSASERDOTI ADUSHIGIKIRA

29.1 Bene Angela bazokwunga ubumwe butasanze n'Umwepiskopi w'Idiyosezi, bafashijwe n'umusaserdoti abakwirikiranira hafi kw'izina ryiwe.

29.2 Uwo musaserdoti agenwa n'Umwepiskopi arongoye Idiyosezi aho Kompanyi irimwo, yumvikanye neza n'Umukuru wa Kompanyi n'Inama yiwe.

Uwo muherezinkuka:

Azokomeza muri Kompanyi umutima wo gutegeza neza Ekleziya iyi yari yo.

Azoba insamirizi y'iteka n'icabona c'ijwi ry'Ekleziya yo mw'Idiozesi no kw'isi yose.

Azobunganira, uko yiteguriye mu myaka, mu vy'umutima n'ibanga.

Yegeraniriza Bene Angela bose mu Misa no mu gukunda Ijambo ry'Imana.

29.3 Mu kwubahana mu bumenyi bw'umwe umwe, uwo muherezinkuka azokorana

n’Umukuru n’Inama yiwe mu vy’ugukomeza ubumenyi n’urukundo bafitiye ibanga ryo kwihebera Imana hagati mu bantu, no mu gutez’imbere muri Kompanyi ubunywanyi nyabwo.

29.4 Uwo musaserdoti azosangira amakoraniro y’Inama n’amakoraniro ya bose ya Kompanyi, kugira ngo bashobore kumuhanuza, ariko ntashobora gushinga ukwiwe (“présence consultative”). Umukuru azomumenyesha urutonde rw’ibigirwa mu nama. Hasanzwe atashoboye kuza gusangira iyo nama, Umukuru azomumenyesha uko vyabaye mu nama atarimwo.

29.5 Umusaserdoti abashigikira, azokwitwararika kugira imigenderanire myiza n’abandi basaserdoti bashigikira ayandi Makompanyi, kandi n’uwundi ashigikira inama y’Ishira Hamwe (Fédération) rya bene Angela bose, abonereho gukorana na bose mu

gukomeza umwumvikano n'ubumwe bifatanya Amakomanyi yose.

29.6 Umukuru yumvikanye mu Nama yiwe, azoshobora kuvuga amazina ya bamwe bamwe, canke ry'umwe, boba icegera c'uwo musaserdoti ashinzwe, kugira ngo azokorana nawe, bamaze guhanuza Umwepiskopi.

29.7 Uwo Musaserdoti mukuru, ashinzwe kubashigikira, azobandanya mur'ubwo butumwa igihe kingana n'ic'urwego nyobozi, kabiri. Umukuru w'Umuryango ntazoshobora kumusaba ku mwepiskopi ikindi gihe gikurikirana.

29.8 Abasaserdoti batorewe ubwo butumwa bazobaterera agacumu ku bumwe n'urwego nyobozi mu kwubahana neza. Bomenya neza kahise n'akarangamutima vya Kompanyi.

MU KARANGA-MUTIMA KAMWE ISHIRAHAMWE RY'UMURYANGO FEDERATION

30.1 Ihuriro ry'Amakompanyi y'amadiyozesi ryunga ubumwe Mw'ishira HAMWE Federation ryitwa “Kompanyi Ya Ursula Mweranda”, Institut Seculier Ya Angela Merici Mweranda.

30.2 Ishira hamwe rya Bene Angela rirondera:

Kwung'ubumwe bw'abavukanyi bo mu Makompanyi yose mu manama no mu mfashanyo ya bose.

Kumenyesha abandi Bene Angela bose, ivyarangutse neza hahandi.

Gutegura amakoraniro afasha kumenya kurushirizaho akahise ka Kompanyi, akaranga-mutima rusangi, Amategeko Nshingiro, n'ibindi vyigwa, bitanga ubumenyi ku bari mu Muryango bose.

Kwitwararika ikinyamakuru rusangi kizogirira akamaro bose.

Gukomeza imigenderanire n’Abakuru b’Ekleziya.

Zina Kompanyi yose ihamagarwa gufasha gushikira amaherezo aranga iryo SHIRA HAMWE, mu bisabisho, mu mfashanyo y’urukundo rusangi, no mu gukorana.

IKORANIRO MPUZAMAKUNGU

31.1 Ikoranirwa mpuzamakungu, risanzwe canke ritanzwe, ni ryo rifise ububasha bwo gushinga amategeko kuri bose.

31.2 Ikoranirwa Risanzwe ritumwako n’Umukuru wa Bene Angela mu runani rw’isi yose, rikorana rimwe mu myaka itandatu. Rishobora gutangura canke guteba amezi atatu, atarengwa, bimenyeshejwe amezi atandatu imbere yuko riba.

Iryo koraniro rigenewe gutora Urwego Nyobozi.

Kwihweza ubuzima bw'Ishira hamwe ya Bene Angela bo kw'isi yose.

Gutegekanya ivyo bizoshingwa kuri bose.

Bazokwihwezamwo ibigora ubuzima bw'Ishira Hamwe.

31.3 Ikoraniro Mpuzamakungu ritasanzwe ritumwako n'Umukuru nyene iyo hari ibibazo nkoramutima kuri bose vyihutirwa. Rishobora gutumwako kandi n'ibice bibiri kuri bitatu (2/3), vy'Abakuru b'Amashami y'imiryango igize runani, canke n'Umukuru w'Urunani, Abajenama biwe bavyemeye.

31.4 Abafise iteka ryo gusangira Ikoraniko Mpuzamakungu, risanzwe na ritasanzwe, n'abaronka ijwi muri ryo, n'ukuvuga aba: Abakuru b'amakompanyi mu madiyosezi, no mu bung'ubumwe mu madiyozesi, canke Ivyegera vyabo.

Uwuserukira zina Kompanyi atowe n'abanimwo, umwe kuri mirongw'itanu canke bakeya atari hepfo ya bane bo nyene.

Uwuserukira imirwi itaremerwa, umwe ku murwi ku murwi.

Abigeze kurongora urwego mpuzamakungu.

Abasangira Inama y'Urwego Rusangi muri ico gihe.

Igitigiri c'abatowe gishobora kungana igitigiri c'abadatowe (kuko bafise iteka mu nama batarinze gutorwa), ariko ntigishobora kukirenga. Iyo kirenga, Umukuru w'Ihwaniro Mpuzamakungu, amaze guhanuza Inama yiwe, azomenyesha Amakompanyi uko bazokwifata.

Umwibutsamana ku rwego mpuzamakungu n'abibutsamana b'amakompanyi yose, bashobora gusangira iryo koraniro, ariko ntibashobora gutora.

Kugira ngo Ikoraniro Mpuzamakungu ribe iry'ukuri, ni ngombwa, yuko igitigiri c'abashinzwe kurisangira, kirenge igitigiri c'abasivye.

Ingingo zifatiwe mw'ikoraniro nk'iryoy, kiretse ibitegekanijwe ukundi n'amabwirizwa ngenderwako, zigira ububasha bw'itegeko kuri bose zemejwe n'igice c'abarekuriwe gutora, hongewe ijwi rimwe (“majorité absolue”).

31.5 Umukuru, afashijwe n'Icegera n'Abahanuzi babo, azorongora Ikoraniro Mpuzamakungu. Batora babiri bafasha guharura amajwi no kwandika icegeranyo c'ibiba. Abarushije abandi amajwi nibo bashingwa ubwo butumwa (majorité relative).

31.6 Komité Mpuzamakungu itorwa mw'ikoraniro risanzwe. Igizwe n'Umukuru, Icegera ciwe, n'Abahanuzi cumi n'umwe. Batorwa mu bagize indagano burundu kandi batafise munsu y'imyaka mirongo itatu n'itanu y'amavuka.

31.7 Ukwezi kwose, canke harenga, imbere y'Ikoraniro, Komité Mpuzamakungu azorungikira zina Kompanyi yose urutonde-

karorero rw'amazina y'abatorewe na Amakompanyi yose, canke na Komité nkuru, kubaserukira mw'Ikoraniro Nkuru. None hazotorwa umwe ku murwi wa mirongw'itanu, canke umwe ku murwi utashika kur'ico gitigiri, utari hepfo ya bane. Mu rutonde rw'abitaba Ikoraniro Mpuzamakungu hubahirizwe ubudasa n'ibisabwa n'imico kama y'igihugu bakukira.

31.8 Abatorwa mur'iryo koraniro mpuzamakungu bategerezwa kwemera gutangana rukundo, imisi n'amagara vyabo mur'ubwo butumwa bushasha.

31.9 Hatangura gutorwa Umukuru. Kugira ngo yemerwe ategerezwa kuronka amajwi abiri kuri atatu (2/3) mu matorwa rya mbere ni rya kabiri. Habaye amatora ya gatatu, Umukuru akeneye kuronka ica-kabiri c'amajwi yongeyeko rimwe ("majorité absolue"). Hakurikira amatora ya Cegera n'umwe umwe mu Bahanuzi. Abahanuzi baraba uko bagiye

bararushanya amajwi, akaba ariko urutonde rwabo rumera. Abanganya amajwi, uwufise imyaka myinshi niwe ari imbere y’uwo banganya. Icicaró Ceranda ci Roma (Sainte Siège), azoronka icegeranyo c’ingene amatora yagenze.

31.10 Umukuru ahejeje gutorwa, aca arongora Inama. Haca hatorwa abahanuzwamajambo biwe, baca baronka intahe, n’ Inama yavuyemwo.

31.11 Umukuru yatowe kuri urwo rwego mpuzamakungu, mu myaka azosigara yashinzwe ubwo bukuru, yoheba ayandi mabanga yari yajejwe mu muryango aserukira, kugira abangukire ubutumwa bushasha.

31.12 Iyi Komite ifise ikiringo c’imyaka itandatu. Ishobora gutorerwa iyindi myaka itandatu ikurikira gusa. Amategeko ntarekura kuja mur’urwo rwego ibiringo birenga bibiri bikurikirana. Birashoboka icyo iyi myaka

bitakurikirana. Kompanyi ha naka ntishobora kuronka abatorwa babiri mu Nama Mpuzamakungu, kiretse mu gihe ifise abihevyi amajana abiri. Ico gihe kibonetse, uwo umubano woshobora kuronka n’abawuserukira babiri.

Ikompanyi yi Bresiha, kubera iteka ry’uko ariho ubuzima bwihevyi bwatanguriye, izoronkamwo uwuyiserukira muri iyi Nama Mpuzamakungu imisi yose.

UBUTUMWA BWA KOMITE NYOBOZI MPUZAMAKUNGU

32.1 Komite Nyobozi Mpuzamakungu ifise ubutumwa bwo gukorera imivukano yose ya Bene Angela iri mu bihugu bitandukanye.

32.2 Iyo Komite izokwitwararika kurangura amabanga y’ ISHIRA HAMWE ya Bene Angela. Kandi izokwitanga cane cane mu migambi ikurikira:

Gushigikira ibikorwa vyagenewe akaranga-
mutima n'Amategeko y'Umuryango, mu
kugumya ibanga, mu kuba intatana mu
ndagano, mu migambi Angela Mweranda
yari yashinze.

Gufasha Amakompanyi mu kurondera umuti
n'inyishu mu bishobora kubatera amakenga,
hasanzwe babisavye bashimitse,

Gushinga ingingo mu kwinjiza mw'Ishira
Hamwe ayandi Makompanyi mashasha.

Gufata mu mugongo imivukano ikivuka itafise
uwushobora kubashigikira.

32.3 Umukuru wa Komite Nyongozi,

niwe aserukira abandi,

imbere y' inzego nkuru z'Ekleziya.

Niwe kandi aburanira. Umuryango imbere

y'izo nzego, igihe hari ibibazo biraba

Amakompanyi yashinzwe.

Ashobora no gutora uwumuserukira muri

Komite, abonye bikenewe.

32.4 Inyuma y’ukwezi kumwe, Umukuru yatowe arahanuza Komite arongoye mu kuyitoramwo Umwanditsi n’Umunyabigega, bishobotse mu bari batowe mu Nama. Bavuganye n’Umwanditsi wiwe Umukuru ashobora gutora n’icegera c’Umwanditsi. Komite Nyobozi Mpuzamakungu azoshiraho na Komite Nshingwa-bikorwa (Commission exécutive) izogirwa n’Umukuru, n’Umwanditsi, n’Abahanuzi babiri, canke barenga. Nibo bazokurikirana ishira mu ngiro ry’ivyapfunditswe mw’ikoraniro. Umukuru w’Umuryango ni we kandi azobahamagaza, igihe cose bikenewe.

32.5 Um+ukuru w’Ikoraniro Mpuzamakungu, abishatse, arashobora, rimwe rimwe, gutumira mu nama abandi banyamuryango batari mu Bahanuzi batowe, aho hose hakenewe kwihweza ibibazo bikenewe ubumenyi gusumba, canke kuko bijanye n’ubutumwa abaronderwa bajejwe.

32.6 Umukuru ahamagara abagira inama ya Komite Nyobozi, gatatu ku mwaka. Komite Nyobozi ishobora guhamagarwa kandi aho vyosabwa n'ibice bibiri kuri bitatu (2/3) mu basangira Inama Nyobozi. Ingingo zipfundikiwe muri iyi nama zikurikizwa zemejwe harimwo batandatu bari muri Komite Nyobozi, Umukuru n'Icegera batarimwo, canke zemejwe n'ica kabiri c'abayigize. Uwurongora Ikomite Nyobozi arashobora gutora.

32.7 Umukuru w'Inama Nyobozi yapfuye, arasubirirwa n'Icegera ciwe, aca abimenyesha ku bakuru bakuru b'Ekleziya (Sainte Siège). Uwa mbere atowe muri Komite, aca aba Icegera ciwe. Ari Icegera c'Umukuru yitavye Imana, haca aba amatora mu bari muri Komite. Uwa mbere atowe aca arangura amabanga y'icegera c'Umukuru. Ari umwe mu bahanuzi yitavye Imana, Komite ica igena uwundi, yisunze ivyiyumviro n'ivyipfuzo vy'Ikoraniro

Mpuzamakungu risanzwe. Igihe gishitse, ko Umukuru yotanga imihoho, ategerezwa kwemerwa n’abakuru bakuru b’Ekleziya. Ari uwuri muri Komite atanzwe imihoho, Komite Nyobozi iravyiga yo nyene, ikaba ariyo igira ico ibivuzeko.

33 Umukuru, Icegera n’Abahanuzi bari muri Komite Nyobozi, mu biraba amafaranga akenewe, bazoshigikirwa n’ibikorwa n’imfashanyo bizotangwa n’urukundo, ata gahato, n’Amakompanyi harimwo. Uwushinzwe ibigega vy’Inama Nyobozi azokoresha imfashanyo atumwe n’Umukuru kandi rimwe ku mwaka Umukuru azotanga icegeranyo c’ingene ubutunzi bwifashe mw’Ikoraniro risanzwe.

IMIRWI IRI UKWAYO

34 Imirwi iri ukwayo n’iyo itanguye ata Kompanyi n’imwe ishoboye kubitwararika.

Umukuru na Komite nibo baca bakora ubutumwa bworanguwe n’Umukuru wa Bene Angela muri Diyosezi. Indongozi Mpuzamakungu, ahanuje Komite, aragenda abari muri uwo murwi uwumubera mu kibanza mu kuwuramutsa, aramuha n’ububasha bwo gufata ingingo zimwe zimwe.

UMUVUKANO MUSHASHA

35.1 Kugira ngo umurwi wemererwe ko ubaye Kompanyi ya Ursula Mweranda, utegerezwa kuba ufise abihavyi bashika icumi na babiri, bafise indagano y’imfatakibanza, bakaba bafise iteka ryo kwakirwa mu runani mpuzamakungu.

Ukwemerwa kuba mu rwego mpuzamakungu bitangwa na Komite mpuzamakungu nyene, bishizweko umukono n’Abarongoye Ekleziya y’isi yose (“confirmé par la Sainte Siège”). Umwepiskopi arongoye Diyosezi, uwo

muvukano urimwo, azomenyeshwa iryo ryakirwa mu runani.

35.2 Ikompanyi nshasha imaze kwemerwa izobandanya kwemerwa imisi yose, naho abarimwo bagabanuka, hagasigara nkehwa.

35.3 Bibaye ko mw'Ikompanyi ha naka hasigaramwo bane basa, uko vyari vyashinzwe n'Inama y'Ishira hamwe, boca babafatanya n'irindi Kompanyi, naho ryoba riri mw'iyindi Diyosezi. Iyo ngingo yemewe n'ayo Makompanyi mu mwumvikano n'Ishira Hamwe, izoba irangutse, abakuru b'Ekleziya ya Roma, bavyemeje. N'Abakuru b'Amadiyosezi ayo Makompanyi arimwo, bakwiye kubimenya.

35.4 Ikompanyi ha naka ryaheze, kuko abuze abarimwo, Inama y'Ishirahamwe, izobimenyesha icese mu nyandiko izorungikirwa ku Bakuru b'Icicaró Ceranda ci Roma.

UMUHEREZANKUKA ADUSHIGIKIRA KW'ISI YOSE

36.1 Ukwipfuzza kwunga ubumwe n'Ekleziya, ugushaka kuba umwe rwose nk'abana ba Papa Mweranda, kandi mu mwumvikano w'ubugamburutsi mu nyigisho y'Ekleziya, ivyo vyose vyadutumye kurondera Umuherezankuka adushigikira kw'isi yose.

36.2 Abakuru b'Ekleziya, bamaze guhanuza Umukuru w'Umuryango, Inama yayo ivyemeje, bazotora Umuherezankuka w'Ekleziya ashigikira Ishira hamwe ry'Umuryango.

36.3 Umuherezankuka atowe: Azoshikiriza Inama ya Bene Angtela ijwi ryemejwe ry'Ekleziya. Azobaronkera akunguko kamuranga mu vy'Imana.

Azoteza imbere imigenderanire n’umuvukano hagati y’abandi basaserdoti bashinzwe gushigikira Amakompanyi.

Azokorana n’Umukuru n’Inama yiwe mu kumenyekanisha iteka ry’Umuryango wa Angela Merici Mweranda, mw’Ekleziya yo kw’isi yose iyo iva ikagera.

Abisabwe n’Inama, azogerageza gutez’ibere ubumenyi n’akaranga-mutima k’Ishira Hamwe ya Kompanyi.

36.4 Umuherezankuka azosangira amanama n’ikikorwa vy’Ishira hamwe nk’umuhanuzi ashobora kubazwa

Atafise ibanga ryo gutora. Umukuru azomumenyesha urutonde rw’ibigirwa mu nama. Iyo umuherezankuka atashobora kuza, Umukuru nyene azomumenyesha ivyagizwe.

36.5 Umukuru, Inama ivyemeje, ashobora kumenyesha Umuherezankuka aserukira Ekleziya, amazina y’umwe canke bamwe bamwe, boshobora gukorana nawe.

Umuherezankuka nawe amaze guhanuza abepiskopi babo, azobishikiriza abakuru b'Ekleziya kugira ngo babishinge.

36.6 Umuherezankuka aserukira Ekleziya azosangira ubwo butumwa, imyaka itandatu nk'abandi bari muri Komite.

AMATEGEKO NSHINGIRO N'AMASEZERANO NGENDERWAKO

37.1 Mwene Angela wese ategerezwa kuzirikana kenshi ibitabu “Itegeko”, “Ivyibutso” na “Iragi” vyanditswe na Angela Merici Mweranda, kuko ugusangira iyo mizi kudukundira kugumya no gukomeza amagara y’umutima azokwama atwereka inzira yo kwiyubura kw’ukuri.

37.2 Mur’ayo Mategeko, no mu yandi masezerano y’Umuryango, twogenderako, mwene Angela wese azosangamwo uburyo n’inzira y’ubuzima mw’Ekleziya no mu butumwa rusangi mu vy’iyi isi.

38.1 Abakuru b’Ekleziya bazodufasha gutegera neza ivyo twofata canke ivyo tworeka, hasanzwe habaye impari mu Mategeko dufise mu Muryango.

38.2 Mu vyerekeye Amasezerano Ngenderwako, hasanzwe har'impari, ivyo twokomeza canke tworeka, ni Umwepiskopi w'Idiyozesi, aho Kompanyi iri, azodufasha kubona ico twofata canke ico tworeka.

38.3 Ivyo twoshobora guhindura mu Mategeko, turetse akaranga-mutima n'imico kama ituranga, ni Ikoraniro Mpuzamakungu izobiraba, vyemejwe na babiri kuri batatu (2/3), kandi azoshingwa n'abakuru b'Ekleziya.

38.4 Abazoshobora guhindura canke gukosora Amasezerano Ngenderwako ya Kompanyi, n'Abakuru b'Inama ya Kompanyi bazobishinga, vyemejwe n'ibice bibiri kuri bitatu (2/3). Inama y'Ishira hamwe mpuzamakungu ifise uruhara rwo kubona iyo bihura n'Amategeko y'Umuryango kandi n'Umwepiskopi w'Idiyozesi turimwo azokomeza kuyemera.

39 Amategeko nshingiro agenga urunani,
yanditswe mu rurimi rw'itsitso rw'igitaliyano,
abitswe ku kirimba kwa Papa i Roma.

Aho ni ho aya mategeko agarukira.

Aho worabirako ku bitabu bikuru vy'Ikompanyi.

- (1) Angela Merici, Amategeko, intangamarara.
- (2) Angela Merici, Amategeko, intangamarara.
- (3) Angela Merici, Iragi, ivyo tumwibukirako 5°
na 9°.
- (4) Angela Merici, Amategeko, intangamarara.
- (5) Angela Merici, Amategeko, intangamarara.
- (6) Angela Merici, Amategeko, intangamarara.
- (7) Raba GABRIELE COZZANO. Inyishu ku
bashakira abihebeye Imana ukwipfunga
abatakivana mu Muryango wa Ursula
Mweranda. Ku myaka 1540-46. (50v-51r).
Inzu y'ibitabu vyo gusoma rusangi
(Biblioteque). Queriniana. Brescia.
- (8) Angela Merici. Amategeko. Igisabisho.
- (9) Angela Merici. Amategeko. Intangamarara.
- (10) Angela Merici, Amategeko. Ubwerentegerwa.

- (11) Angela Merici. Ivyibutso, 7°.
- (12) Angela Merici. Iragi, 10°.
- (13) Amategeko y'Ekleziya n° 696-697 yo ku mwaka wa 1983. (Code Droit Canon (CDC)).
- (14) C.D.C. 729.
- (15) C.D.C.694-695.
- (16) C.D.C. 700.
- (17) C.D.C. 730.
- (18) Angela Merici. Amategeko. Igisabisho.
- (19) Angela Merici. Iragi. 5° na 7°.
- (20-24) Angela Merici. Amategeko. Ubugamburutsi.
- (25-26) Angela Merici. Ubwerentegerwa.
- (27) Angela Merici. Ubworo,
- (28) Angela Marici. Ivyibutso, 5°.
- (29) Angela Merici. Amategeko, Intangamarara, Ivyibutso 9°.
- (30) Angela Merici. Ivyibutso, intangamarara.
- (31) Vyashitsweko mw'Ikoraniro Mpuzamakungu risanzwe ryo ku wa 27/7/2000.
Rishirwako igikumu n'Abarongoye Ekleziya y'isi yose ku wa 25/8/2000.